

Epidemi Grip

KISA MWEN TA DWE KONNEN OSIJÈ EPIDEMI GRIP?

- Se yon nouvo viris ki lakòz epidemi grip.
- Moun pa genyen iminite nan nouvo viris grip la.
- Viris ki responsab pou epidemi an kapab lakòz moun vin pi malad pase lè yo genyen grip sezonye a.
- Pa genyen okenn vaksen ki disponib pandan premye mwa yon epidemi grip.
- Epidemi grip yo kapab prezante an vag ki dire 6-12 semèn nan nenpòt kominote.
- Si anpil moun ki nan yon kominote tonbe malad, sa kapab akablan pou sèvis swen medikal ak deranje biznis yo ak lekòl yo.

ÈSKE YON VAKSEN POU GRIP SEZONYE PWOTEJE KONT EPIDEMI GRIP?

Non. Vaksen pou grip sezonye a p ap pwoteje ou kont yon nouvo souch viris grip.




Lyen Itil

Prepare pou Grip, New Jersey
www.nj.gov/flu

Swen pou Grip nan Kay:
Yon Gid pou Efò Pèsonèl
www.nj.gov/health/flu/documents/flu_guide.pdf

Pwogram Konsyantizasyon pou Epidemi Grip
www.state.nj.us/health/training/panflu/index.shtml

Grip Sezonye: Jwenn yon Vaksen kont Grip
www.state.nj.us/health/flu/findflushot.html



Depatman Sante New Jersey ak branch Sèvis Sante Publik pou Granmoun Aje,

Sèvis Maladi Kontajye


PO Box 369 Trenton, NJ 08625



Out 2009

Eleman debaz sou grip

Sa ou bezwen
konnen pou rete
an sante pandan
sezon grip la



Enfòmasyon Jeneral

KISA GRIP YE?

Grip, non komen pou influenza (enfliyansya), se yon maladi respiratwa trè kontajye moun trape akòz virus grip.

KI SENTÒM KIVINI AK GRIP LA?

- Lafyèv
- Tous
- Gòj irite
- Doulè nan kò
- Maltèt



KIMOUN KI TRAPE GRIP?

Nenpòt moun kapab trape grip. Anmwayèn, Ozetazini, 5% a 20% popilasyon an trape grip chak ane

KILÈ GRIP LA ATAKE MOUN?

Anjeneral, sezon grip la Ozetazini se nan mwa sezon lotòn ak livè. Moman grip la atake plis moun se ant mwa oktòb ak avril.

Kijan ou trape grip?

KIJAN GRIP LA GAYE?

Viris grip la gaye nan goutlèt ki antre nan lèt a apre moun fin touse ak etènye.
Lòt moun kapab inale yo oswa pran yo nan men yo epi yo vin enfekte lè yo manyen zye, nen oswa bouch yo.

KILÈ MOUN YO VIN KONTAJYE?

Moun kapab gaye grip la nan apeprè 24 èdtan anvan yo santi yo maladi epitou pandan apeprè yon semèn apre sentòm yo kòmanse. Moman sa a kapab pi long pou timoun yo.



NAN KONBYEN TAN SENTÒM GRIP LA KÒMANSE?

Anjeneral, sentòm yo kòmanse 1 a 3 jou apre viris la fin antre nan kò a.

KONBYEN TAN SENTÒMYO DIRE?

Anjeneral, moun yo maladi pandan apeprè yon semèn.

Prevansyon

KISA OU KA FÈ POU PA TRAPE GRIP LA?



- Pran vaksen kont grip la
- Kouvri bouch ou lè w ap touse ak etènye
- Lave men ou souvan
- Evite moun ki malad yo
- Netwaye atik ou itilize an komén ak moun oswa manyen souvan

KILÈ MWEN TA DWE PRAN VAKSEN KONT GRIP?

Ou ta dwe pran vaksen imedyatman genyen vaksen ki disponib (anjeneral nan mwa Oktòb-Novam) epitou depi grip la preznan kominote a.

ÈSKE MWEN FÈT POU PRAN VAKSEN CHAK ANE?

Wi. Virus grip sezonye a toujou ap chanje, kidonk ou fèt pou pran yon nouvo vaksen chak ane.

APRE MWEN FIN PRAN VAKSEN AN, ÈSKE MWEN PWOTEJE IMEDYATMAN?

Non. Li pran apeprè de (2) semèn pou kò ou pwoteje.

KISA MWEN TA DWE FÈ SI MWEN TRAPE GRIP LA?

- Bwè anpil likid
- Pran anpil repo
- Rete lakay ou olye ou ale nan travay oswa lekòl
- Rele founisè swen sante ou